


**ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД**

***Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ Дигоргоми гъæути цæргутæй рандæ ‘й еу мини бæрцæ. Айдагъ нæлгоймæгтæ нæ, фал ма æригон кизгуттæ дæр... Аци гъæути тугъдонтæй цалдæр сæди, сæ фулдæр хуæрзæригон уогæй, сæ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæнцæ, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони рохс нæмттæ æностæмæ исцитгин кæнуни туххæй син се ‘мзæнхонтæ Мæцути ниввардтонцæ, мæнæ къари ке уинетæ, еци еумæйаг номерæн циртдзæвæн.***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№9 (790) 2021 анзи 17 мартъи – кæрдæгæзмæлæни мæйæ



# АДÆМТÆ КÆРÆДЗЕЙ КУ НИМАЙУОНЦÆ, УÆД ХУЦАУ ДÆР СÆ ФАРС ÆЙ!..

Абони Дзæуæгигъæуи æ куст райдайдзæнæй Цæгат Иристони пусулмæнтти Уодварнон управлений дзуапдæттæн æвзарæн æмбурд. Аци ахсгиаг цауи размæ нæ республики Сæргълæууæг **Битарти Вячеславæн** адтæй косæг фембæлд Уодварни управлений сæрдар **Гуæцæлти Хаджиморати** хæццæ.

Фембæлди рæстæг бундорон дзубанди цудæй нæ республики алли динти æма адæмихæттити минæвæртти ‘хсæн кæрæдзей лæдæрундзийнадæ æма федуддзийнадæ федардæр уни, еугур цæргути æмзунд æма æнгомдзийнади фæдбæл фарстатæ æнтæстгиндæрæй æнхæст кæнуни гъуддаг гъомусгиндæр кæнуни фæдбæл.

Битарти Вячеслав æ радзубандий куд фæннисан кодта, уотемæй пусулмæнтти Уодварни управлени ахедгæ куст кæнуй æригон фæлтæри раст гъомбæладæбæл, еудадзугдæр аразуй аллихузон хуæрзауодæн мадзæлттæ. Управлений иуонгтæ агъазгъæуагæ адæмбæл ауодунцæ, кæци адæмихаттæй æй æма циуавæр динбæл хуæст æй, уомæ нæ кæсгæй.

– Нæ республикæ алкæддæр бæрæг дардта æ адæмти кæрæдзей лæдæрундзийнадæ æма хæлар рахастæй. Æма еци æууæл нæ республики гъомусбæл хуарзæрдæмæ ахедуй, æхсæнади цард кæнуй сабурдæр æма хузæнондæр. Æма еци гъуддаги, ке зæгъун æй гъæуй, ахедгæ 'й республикæ дини æхсæнæдти, национкультурон еугæндти архайд. Цæгат Иристони пусулмæнтти Уодварни управлени зингæ мадзæлттæ аразуй, цæмæй республики цæргути уодварнæ ирæза, цæмæй федардæр кæна алли динти минæвæртти ‘хсæн федуддзийнадæ, – загъта Цæгат Иристони Сæргълæууæг.

Гуæцæлти Хаджиморат æ радзубандий лæмбунæг æрлæудтæй управлений 2020 анзи кусти бæрæггæнæнтæбæл. Æ дзубандимæ гæсгæ, кæд коронавируси пандемийи фудæй исæвзургæ эпидемиологон уавæр еугур цардархайдбæл дæр фæззиндтæй, уæддæр евгъуд анз сæ размæ ци нисантæ исæвардтонцæ, уонæбæл ахедгæ куст цудæй. Уомæй уæлдай, Гуæцæли-фурт куд фегъосун кодта, уотемæй 17 мартъий уодзæнæй пусулмæнтти Уодварни республикон управлений дзуапдæттæн-æвзарæн æмбурд. Уоми æвзурст æрцæудзæнæй республики муфти хæстæгдæр фондз анземæн.

Фембæлди кæронбæттæни Битарти Вячеслав пусулмæнтти Уодварни управлений разамундæн арфæ ракодта, региони хузæнон цард федардæр кæнуни гъуддагмæ устур æвæрæн ке хæссуй, уой туххæй.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 357 СОМИ 36 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 315 СОМИ 90 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**

## НОМЕРÆН



## ДИГОРОН ЛÆГ – «НЕФТИ КЪАРОЛ»

Сталини доги ци хæдзарадон разамонгутæ рагъомбæл æнцæ, уони æнтæстгин архайд абони дæр ма уæлдай зæрдиагæй имисæн. Хумæтæги нæ фæззæгъæн, уони хузæн разамонгутæ нæмæ абони ку уайдæ, уæд, æвæдзи, кæмити æнтæстгиндæр уиуонцæ нæ социалон-экономикон уавæртæ.

Еци сталинон разамонгутæй еу адтæй не ’мзæнхон Тæкъоти Авсимайхой фурт Дзандар – Ленинон премий лауреат, ССР Цæдеси нефти промышленности министри хуæдæййевæг. Æнæгъæнæ дуйнейи дæр зундгонд адтæй, хъæбæр цитгинæй еунæг уой хумæтæги нæ худтонцæ «Нефти къарол», зæгъгæ. Аци анз 28 феврали нæ номдзуд æмзæнхони райгурдбæл исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1916-2001).

Тæкъоти Дзандари цардвæндаги хабæртти æма æ берæ фæллойнадон-наукон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй æ рæстæги берæ аллихузон æрмæгутæ мухургонд æрцудæй куд нæ фидибæстон, уотæ фæсарæйнаг дзиллон хабархæссæг фæрæзнити дæр. Тæкъой-фурти туххæй уагъд æрцудæй сæрмагонд киунугæ дæр.

Абони ба мухур кæнæн зундгонд журналист Тепсихъоти Зойæ (гъулæггагæн, е дæр абони не ’хсæн нæбал æй, рохсаг уæд...) Тæкъой-фурти туххæй ци очерк ниффинста, уой. Кæсетæ ‘й 4-6-аг фæрстæбæл.

*Цæгат Иристони еци-еу рæстæг аразун байдæдтонцæ 36 фельдшерон-акушерон пункти. Зæгъæн, уæхæн медицинон косæндонæ фæззиндзæнæй Мæцути, Сурх-Дигори ба – амбулатори. Ирæфи района сæйраг сæйгæдони поликлиникон хайадæ æма Дигорай сувæллæнтти поликлиникæ ба бундоронæй исцалцæг кæндзæнæнцæ.*

# ЕУГУР ФÆРСТАТÆ ДÆР АХСГИАГ ÆНЦÆ!..

ÆНÆНЕЗДИЙНАДÆ гъæуайкæнуйнади ирæзти фарстатæ цæмæй æнтæстгиндæрæй æнхæстгонд цæуонцæ, уой туххæй нæ республики Сæргълæууæг Битарти Вячеслави хъæппæресæй арæзт æрцудæй сæрмагонд координацион Совет.. Æма ин æрæги адтæй фицдаг æмбурд, сæрдареуæг си кодта Битари-фурт. Дзубанди ба си цудæй медицинон къабази архайди хæццæ баст æнæмæнгæ райаразуйнаг фарстати фæдбæл, 2021-2023 æнзти республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади ирæзти стратегий нисантæ.

– Гъæуама кæрæй-кæронмæ исбæлвурд кæнæн медицинон къабази нуриккон уавæр, – загъта республики Сæргълæууæг. – Нуртæкки нæ бон æй æма цæттæ ан нæ медицинон кустуæтти архайд зингæ фæхху æздæр кæнуни фæдбæл гъæугæ мадзæлттæ аразунмæ, зæгъæн, тæккæ нуриккондæр хуæздæр ефтонггæрзтæ син æлхæнунмæ, дохтирти кустæн æнцонархайд уавæртæ искæнунмæ.

Битарти Вячеслав æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй еугур мадзæлттæ дæр исаразун гъæуй æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади райдайæн къæпхæн фæггъомусгиндæр кæнунæн. Терапевтон службæмæ фулдæр æргом гъæуй раздахун, специалисттæ гъæуама æновудæй архайуонцæ сæ зонундзийнæдтæ фулдæр кæнунбæл, уой туххæй ба син гъæуама уа еугур равгитæ дæр.

Еци фарстай фæдбæл дзоргæй, сувæллæнтти республикон клиникон сæйгæдони сæйраг дохтир Икъати Морати Гъудимæ гæсгæ, дохтирти ахур кæнун гъæуй нæхемæ. Уомæ гæсгæ ба растдæр æма пайдадæр уодзæнæй раззагдæр специалистти ардæмæ хонун, цæмæй ами, нæхе уавæрти нин нæ дохтирти ахур кæнонцæ.

Уролог Саламати Анатолий гъудимæ гæсгæ ба уæлдай ахсгиаг æй медицинон лæггæдти хуæрзгъæдæдзийнадæмæ еудадзугон лæмбунæг цæстæдард куд цæуа, е. Уой фæрци æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази уавæр зингæ фæххуæздæр уодзæнæй.

Фембæлди рæстæг Битари-фурт æргом раздахта медицинон косгутæн агъаз кæнуни фарстатæмæ, куд баханхæ кодта, уотемæй етæ гъæуама косонцæ фадуатгин уавæрти, есонцæ аккаг мизд. Уой туххæй сæрмагонд программæ хæстæгдæр æртæ анземæн исаразун байхæс кодта æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæ æма специалисттæн.

Цæгат Иристон æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази идарддæри райрæзти фарстатæбæл косæн нæ равгитæ æма гæнæнтæмæ гæсгæ, устур ахедундзийнадæ ес, национ проект «Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади» ке архайæн, е дæр. Арæзт цæунцæ нæуæг медицинон объекттæ, цалцæггонд цæунцæ, нури уæнгæ нæмæ ка адтæй æма абони пайдагонд кæмæй цæуй, еци медицинон косæндæнттæй нуриккон домæнтæмæ гæсгæ базелун кæмæ гъæуй, етæ.

Нæ медицинон косгутæ архайунцæ аллихузон профессионалон конкурсти, программити. Нæ специалисттæ сæ профессионалон цæттæдзийнадæ бæрзонддæр кæнунцæ нæ бæсти хуæздæр клиникити. Зундгонд куд æй, уотемæй республики Сæргълæууæги хъæппæресæй нæмæ фæззиндтæй сæрмагонд конкурс «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий хуæздæр дохтир», æрæги исбæрæг æнцæ æ фицдаг лауреаттæ дæр. Уой туххæй æрмæг кæсетæ аци фарсбæл.


ХУГАТИ Мæдинæ


ХЪАССОХАТИ Виктория



ХÆМИЦАТИ Стеллæ

# СÆ АРФИАГ ФÆЛЛОЙНИ ТУХХÆЙ – ЦИТГИЙНАГ!..

ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ гъæуайкæнуйнади къабазæ райрæзун кæнуни сæйрагдæр мадзæлттæй еу æй дохтирти дæсниадæ бæрзонддæр кæнунæн гъæугæ мадзæлттæ аразун .æма син æхсæнæди медæгæ аккаг аргъ кæнун.

Еци нисан къохи цæмæй бафтуйа, уой туххæй фарæ республики арæзт æрцудæй «Хуæздæр дохтир», зæгъæ, конкурс дууæ номинацийемæ гæсгæ: дохтир-терапевт æма дохтир-педиатр. Архайуни барæ си адтæй аци дæсниæдти еугур дохтиртæн дæр. Гъæлæс кæнуни уагæбæл хуæздæрти равзарунæн сæ гъуди зæгъун сæ бон адтæй республики еугур цæргутæн дæр. Уомæй уæлдай, конкурси архайгутæн аргъæнæг адтæнцæ профилон къамисти иуонгтæ.

Архайгутæй ка цæйбæрцæ гъæлæстæ æрæмбурд кодта, еци бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ конкурси кæронбæттæнмæ рацудæнцæ 12 дохтири: 5 – терапевттæ æма 7 – сувæллæнтти дохтиртæ. Æма сæ уæлахездзау ка ʻссæй, уонæн æрæги Национ музейи арæзт æрцудæй цитгингæнæн мадзал. Райарфæ син кæнунмæ æрбацудæй республики Сæргълæууæг **БИТАРТИ Вячеслав.**

– Сумах айтæ медицини хуæздæр минæвæрттæ, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабазæ размæгæнæн тухæ. Уæ хъæуритæ, уæ рæстæг, удигъæди хуæздæр менеугутæ не ʻвгъау кæнетæ сæйгитæн, æма уин уой тухххæй устур арфæ кæнун. Уæ куст æй аллибони минкъий æскъуæлхтдзийнадæ, е уæлдай хъæбæрдæр рабæрæг æй пандемийи рæстæг. Æма, уæ кустæй цæмæй арази уайтæ, уобæл идарддæр дæр архайдзинан, – загъта республики Сæргълæууæг.

«Участокки хуæздæр педиатр», зæгъгæ, аци номинаций фæуæлахез æй Дзæуæгигъæуи сувæллæнтти 2-аг поликлиники дохтир **ХУГАТИ Мæдинæ**. Лæвæрд ин æрцудæй 1-аг къæпхæни диплом æма дæгъæлтæ нæуæг фатерæй. 2-аг къæпхæни диплом лæвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи сувæллæнтти 3-аг поликлиники дохтир **ХЪАССОХАТИ Викторияйæн**, 3-аг къæпхæни диплом ба – Дзæуæгигъæуи сувæллæнтти 1-аг поликлиники дохтир **ХÆМИЦАТИ Стеллæн**.

Номинаци «Участокки хуæздæр терапевт»-и уæлахездзау иссæй Горæтгæрон району Æрхонки поликлиники дохтир **ГÆБУТИ Алисæ**. Уомæн дæр лæвæрд æрцудæй 1-аг къæпхæни диплом æма фатери дæгъæлтæ. 2-аг къæпхæни диплом райста Дигори района Дур-Дури амбулаторий дохтир **ШЕХИНАТИ Ритæ**, 3-аг къæпхæни диплом ба – Дигори района Николаевски станици амбулаторий дохтир **ЛЕГКОЙТИ Аннæ**.

Конкурс арæзт æрцудæй нæ республики Сæргълæууæг Битарти Вячеслави хъæппæресæй «Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази косæндæнттæ дæсни медицинон косгутæй æнхæст кæнун»-и регионалон проекти фæлгæти. Проекти нисан æй дохтири дæсниади кадæ никки бæрзонддæр кæнун, нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази дæсни специалистти нимæдзæ фулдæр кæнун, уæдта сæ сæ кустмæ разæнгард кæнун.


ГÆБУТИ Алисæ



ШЕХИНАТИ Ритæ



ЛЕГКОЙТИ Аннæ

**Номдзуд оперон зартæгæнæг, Цæгат Иристони адæмон артист Мукагъати Николайи фурт Петри райгурдбæл 18 мартъий æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи (1936-2016).**

# ПРОЕКТ «БÆГЪАТÆРИ ГЪÆУНГÆ» ПРЕЗИДЕНТ БАНИМАДТА ХУАРЗБÆЛ

Уæрæсей президент Владимир Путин Еугуруæрæсеуон адæмон фронти хъæппæресгин проект «Бæгъатæри гъæунгæ»-æй хъæбæр арази æй.

Устур Фидибæстон тугъди ветеран кæми райгурдæй, кенæ кæми цардæй æма фæллойнæ кодта, æ ном ин еци сахари æхсæнадон бунатæн цæмæй раттонцæ, уой туххæй бæгъатæри адзали бонæй цæйбæрцæ рæстæг гъæуама рацæуа, паддзахади разамонæг муниципалитеттæн бахаста еци æмгъуд исбæрæг кæнуни фæндон (еугуруæрæсеуон агъази акци «МахЕумæ»-бæл анз ке исæнхæст æй, уой кадæн арæзт æмбурди рæстæг Адæмон фронти цæгатиристойнаг штаби æмсæрдар, уæзгъос адæми æхсæнадон организаци «Мурти дуйне»-й разамонæг, «МахЕумæ»-йи бархеуон Роман Кудренко бæсти Президентмæ амунд курдиади хæццæ бахадта).

– Устур Фидибæстон тугъди 75 анзей юбилейи кадæн Адæмон фронт берæ дзиллон мадзæлттæ исаразта тугъди ветеранти кадæн. Проект «Исæнхæст кæнæ бæллец» æнхæст кæнгæй, ветерантæн хуайраг баластан æма син æндæр уагæй дæр фæйййагъаз кодтан. Куд рабæрæг æй, уотемæй нæмæ ес æнæном гъæунгтæ. Зæгъæн, Фæндзæймаг ханхæ, Æвдæймаг ханхæ, уотемæй ба нæмæ ес берæ бæгъатæртæ. Бахастан Устур Фидибæстон Бæгъатæрти ветеранти нæмттæ æхсæнадон бунæттæн нæуæгæй дæттун райдайуни фæндон,– загъта Роман Кудренко.

Нури уæнгæ Адæмон фронти активистти æма муниципалон хецауæдти æмархайди фæрци регионти 150 сахайраг æхсæнадон бунатемæй фулдæремæн равардтонцæ бæгъатæрти нæмттæ, фал еуæй-еу муниципалитетти барадон нормитæмæ гæсгæ, адæймаги ном сахайраг æхсæнадон бунатæн цалинмæ раттонцæ, уæдмæ аци адæймаги адзали бонæй гъæуама рацæуа бæлвурд æмгъуд (ахид цæрæнбунати цæргутæ Адæмон фронтмæ курдиадæ ке туххæй барветунцæ, амунд æууæли анхосæй еци фæндон зинтæй æнхæстгонд æрцæуй).


Сахар Воронежи гъæунгтæй еу хæссуй дурдуйраг номдзуд тугъдон ДЗОТТИ Лазæри ном – е бæгъатæрæй фæммард æй аци сахари алфамбулай немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тугъдтити.

– Еугуруæрæсеуон адæмон фронт бахаста хъæбæр хуарз фæндон. Уæлахези фæрци нæ адæмихатт, нæ паддзахадæдзийнадæ багъæуай кодта, ес нин цæруни æма кæстæрти гъомбæл кæнуни фадуат. Амунд æмгъудтæ гъæуама федаргонд æрцæуонцæ муниципалон æмвæзадæбæл, фал аци æууæл нимайун формалон гæрæнбæл. Дуккаг дуйнеуон тугъди бæгъатæртæбæл дзоргæй, нæ ихæс æй гъуддаг æнæ формалон гæрæнтæй аразун,– Роман Кудренкой курдиади туххæй дзоргæй, загъта Владимир Путин.

– Ес мин æртæ биццеуи. Нæ зæрдæбæл дарæн, зæгъгæ, мæ цæуæт цæмæй уотæ дзоронцæ, е мæ нæ фæндуй. Нæ бæсти рагон царди хабæрттæ æма нæ бæгъатæрти коммæ уагæй зонæн, зæгъгæ, мæ цæуæт цæмæй уотæ дзоронцæ, уотæ мæ фæндуй, – зæгъуй Роман Кудренко.

Адæмон фронти проект «Бæгъатæри гъæунгæ» æнхæсткæнуйнади фæткæмæ гæсгæ, фæстаг дууæ мæйей дæргъи къуар географион бунатемæн равардтонцæ зундгонд æмбæстæгти нæмттæ. Зæгъæн, Курски облæсти сахар Курчатови фæззиндтæнцæ Уæлахези микрорайон æма Советон Цæдеси Бæгъатæр Евгений Мишини гъæунгæ. Волгогради облæсти сахар Ленински нæуæг гъæунгæн равардтонцæ Намуси ордени æнхæст кавалер Владимир Финогенови ном. Адæмон фронти активистти фæндонæй республикæ Комий сæйраг сахар Сыктывкари фæззиндзæнæй Советон Цæдеси Бæгъатæр Макар Бабикови гъæунгæ. Адæмон фронти Белгороди облæсти активисттæ бахастонцæ Никольскийи гъæуи гъæунгтæн Советон Цæдеси Бæгъатæртæ Дмитрий Москалеви æма Григорий Левини нæмттæ раттуни фæндон. Цæрæн бунати администраци аци фæндонбæл исарази æй.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Еу индийаг лæгмæ адтæй пил. Хуæруйнаг ин фагæ нæ лæвардта, косунæй ба ибæл ауæрдгæ нæ кодта.*

*Уотемæй пил берæ фæббухстæй, фал еухатт ба уæддæр исмæстгун æй æма æ хецаубæл æ къахæй æрлæудтæй. Лæг рамардæй. Уæд æ уосæ никкудтæй, æ сувæллæнтти æрбамбурд кодта, пили размæ сæ бакодта, æ къæхти бунмæ ин сæ бахудта æма загъта:*

*– Пил!.. Сæ фиди син рамардтай, рамарæ син сæхе дæр!..*

*Пил сувæллæнттæмæ æркастæй, сæ хестæри даргъ фиййæй гъавгæй исиста æма ‘й æ бæрзæйбæл исæвардта...*

*Уæдæй фæстæмæ пил райдæдта еци биццеумæ игъосун æма уомæн косун...*

***

Пил фиртон кæд æй, уæддæр дессаги цæсгонгин разиндтæй. Балæдæрдтæй, ци фидбилиз исаразта, уой фудæй мæгур сувæллæнттæ хъæбæр æгудзæг уавæри бахаудтæнцæ. Æ ракæндæбæл æрфæсмон кодта, æма седзæртæбæл ауодуни ихæс æхемæ райста... Еци пилæй игъаугидæр уæхæн лæдæргæ куд нæ разиннунцæ нуриккон дукъахуг «фиртæнттæ», кæцитæ еугурадæмон мулкитæбæл æдзæсгонæй фæххæлæф кæнгæй, исбонгинтæ ‘нцæ, хумæтæг фæллойнæгæнæг адæм ба дзиллонæй бустæги исмæгур æнцæ. Уогæ си цитæ агорæн!.. Адæм уонæмæ уотид нимади дæр нæ ‘нцæ.

Фарæ нæ бæстæ пандемий нихмæ ку тох кодта, уæд Forbes(дуйней тæккæ гъæздугдæр адæймæгути нимайæн) уæрæсейæгти номхигъдмæ бафтудæй авд адæймаги, уой хæццæ ба нæмæ фæффулдæр æй мæгурти нимæдзæ: кæд æма нæмæ уæхæнттæ официалон нимадмæ гæсгæ 21 миллиони ес, уæд хуæдбарæ экспертти гъудимæ гæсгæ ба, æвæдзи, уодзæнæнцæ 35-41 миллиони. Уой ма зæгъуйнаг ан, æма аци адæм хе фæддаруни равгитæй мæгурдзийнадæ æййафунцæ, æма е, Хуцау зæгъæд, рæстæгмæ ‘й. Фал æ адæмæй илгъгæнæг цъолбертæ ба уодæй мæгур æнцæ, æма е ба, исдзæбæхгæнæн кæмæн нæййес, уæхæн нез æй...



**Аннæ София СВЕЧИНА, уруссаг-французаг финсæг: «Адæймаг гъæздуг æй, ци раттуй, уомæй; мæгур ба 'й, ци нæ раттуй, уомæй...»**

Нæ нуриккон бонгинтæй киунугутæ неке кæсуй – уомæ сæ нæ евдæлуй. Уæдта ку кæсонцæ æма аци силгоймаги загъд син зонгæ ку уа, уæддæр сæ фур мулкдзæстæй, цума, ести раттунгъон исуодзæнæнцæ, е хъæбæр зинтæй æруагæс кæнуй. Уонæн сæ тухст, сæ сагъæстæ 'нцæ айдагъдæр сæхе рæбунтæ мулкитæй тумугътæ кæнунбæл.



**Анатолий КАРПОВ, Паддзахадон Думи депутат: «Коррупций æма давагæ чиновникти гъуддæгутæ ку февзарунцæ, уæд си æнахур дессæгтæ разиннуй: фудгинтæ сæ фудракæндти туххæй æфхуæрд нæ баййафунцæ...»**

Уæрæсей Генпрокуратури бæрнон косæг Виктор БАЛДИН æрæги журналисттæн куд фегъосун кодта, уотемæй, фарæ коррупцион фудракæндтæй фудгингонд ка ‘рцудæй, еци 9 мин адæймагей туххæй хаст æрцудæй 8 мин тæрхонемæй фулдæр. Нур ба еума нимæдзæ: тæрхонгонд кæмæн æрцудæй, уонæй æцæгæй ахæстдони исбадтæй дæлæмæдæр-уæлæмæдæр 18%, æмгъудæй тæрхонæй сæ гъуддаг фæййевгъудæй 35%, уотид иварæй ба – 40%. Гъе дин коррупций нихмæ тохи «фæстеугутæ»...



**Александр ПРОХАНОВ, финсæг, – æртæ партий («Рæстаг Уæрæсе», «Уæрæсей патриоттæ» æма «Райгурæн бæсти сæрбæлтау» ке байеу æнцæ, уой туххæй: «Миронови (фиццаг партий раздзæуæг) фатери ку ‘рцæронцæ, уæд нæ зонун кæмæн си ци радех кæндзæнæй: иуазæгуат, устуруат, косæнуат...»**

Ка си кæми æрбунат кæндзæнæй, е уоййасæбæл дессаг нæй. Дессаг е æй, æма, æртæ кæлхуард фæткъуй цийфæнди ку фæррайеу-байеу кæнай, уæддæр си бæзгæ фæткъу нæбал рауайдзæнæй.

АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

## ИХÆСДÆТТÆГ Æ ЕС КОРÆГГАГ КÆНУЙ!..

Уе ‘хцатæй æфстау кæмæн раттетæ? Уæхæн фарста æхсæнадон цæстдарди Фонди æртасгутæ уæрæсейæгтæй кæмæ равардтонцæ, етæ ци дзуæппитæ равардтонцæ, уонæмæ гæсгæ арæзт æрцудæнцæ мæнæ ауæхæн еумæйаг бæрæггæнæнтæ.






**Уотæ дæр рауайидæ, æма уин уæ ихæс æнхæстæй æма афойнадæбæл нæ раздахтонцæ?***

**ГЪО – 18%**

**НÆ – 16%**

**ЗИНТÆЙ МÆ БОН ÆЙ ЗÆГЪУН – 1%**

**Ауæхæн фарста лæвæрд нæ цудæй, æ рæстæги устур æхцатæ æфстау дæтгæ кæмæн нæ рауадæй, уонæмæ.*

**Номдзуд финсæг, ирон драматургий бундорæвæрæг Бритъиати Цопани фурт Елбиздихъой райгурдбæл 23 мартъий æнхæст кæнуй авдинсæй анзи (1881-1923).**

*Рагонбердзенаг математик Евклиди æ ахурдзаутæй еу бафарста: «Райдайæнтæ» ке хонунцæ, еци киунугæ ку исахур кæнон, уæд мин ци пайда уодзæнæй?..» Евклид æ цагъармæ фæдздзурдта æма ин загъта: «Аци биццеуæн æвзестæ сом радтæ. Ай зунд нæ гъæуй, фал уотид пайда...»*

***Раздæри Киристонгъæу – абони сахар Дигора Иристони адæмæн берæ хуарз лæгтæ балæвар кодта. Зунд æма æгъдауæй, хъаурæ æма бæгъатæрдзийнадæй сæ кой райгъустæй сауæнгæ фæсарæйнаг бæститæмæ. Нимайæ æма нимайæ æскъуæлхт инженерти, дохтирти, ахургæнгути, æфсади инæлæртти, Советон Цæдеси Бæгъатæрти, финсгути, хузæгæнгути...***

***Æрдзæ равардта Киристонгъæуæн уойбæрцæ курухон номдзуд лæгтæ, абони сæрустур кæмæй ан, ке зунд æма уодигъæдæбæл ахур кæнæн нæ кæстæр фæлтæрти, уони. Хонæн сæ адæймаги меддуйней рæсугъддæр менеугутæй равзургæ лæгтæ, рабарæн сæ стъалути хæццæ. Дзорæ æма дзорæ, сæ уарзон адæмæн ци берæ хуæрзти бацудæнцæ, уонæбæл. Сæ еугуребæл кæми ес рахъæртæн, кæд æма си алке туххæй дæр хецæн киунугæ ниффинсæн ес, уæд. Æз бал зæгъдзæнæн сæ хуæздæрти хуæздæртæй еуей туххæй – Ленинон премий лауреат, нефти игурæнтæ æртасæг, дæсни специалист Тæкъоти Дзандари туххæй.***



**Советон доги номдзуд хæдзарадон æма паддзахадон архайæг ТÆКЪОТИ Авсимайхой фурт Дзандари райгурдбæл исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи.**

# ЛЕНИНОН ПРЕМИЙ ЛАУРЕАТ



**ТЕПСИХЪОТИ Зойæ,**
(1938-2008)
журналист

Дзандарæн æ фидæ Авсимайхо æма æ мадæ Олинка сæ цард байеу кодтонцæ Октябри революций агъоммæ, кодтонцæ зæнхи куст. Мæнæ мæнæ гъæздуг бийнонтæй нæ адтæнцæ, цардæнцæ рæстæмбес, сæ кæрдзиндæттон, хæларзæрдæ æма кæдзос фæллойнæ уарзондзийнадæн син гъæубæстæ устур аргъ кодтонцæ. Фæззиндтæй син цæуæт – æхсæз фурти æма кизгæ. Дзандар адтæй биццеутæй цуппæрæймаг, райгурдæй 1916 анзи. Ирæзтæй цæрдæг, хуæрзæгъдау æма коммæгæсæй. Берæ уарзта сувæллонæй таурæхътæмæ, аргъæуттæмæ игъосун. Скъоламæ цæун ку райдæдта, уæд æ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй ахур кæнун. Уайтæккæддæр базудта кæсун, финсун, фулдæр уарзта математики уроктæ.

### ÆНОВУДÆЙ ТУНДЗТÆЙ Æ БÆЛДÆ ИСÆЦÆГ КÆНУНМÆ...

Райдайæн кълæсти ку ахур кодта, уæд еци рæстæг æ фиди æнсувæр Темболи кизгæ ба ахур кодта Ленингради паддзахадон университети. Сæрди каникулти сæхемæ Киристонгъæумæ ку иссæуидæ, уæд æвзонг Дзандар æ хуæри разæй некумæбал цæуидæ, фæрсунтæ ’й райдайидæ уæрæсейаг устур сахари хабæрттæй. Æхсæвæ хусгæ нæбал кодта, æ базургин бæллецтæ ’й скъафтонцæ Невай билæбæл сахармæ. «Исон мæ фæндон Катяйæн æнæ зæгъгæ нæ фæууодзæнæн, æ хæццæ мæ фæххонæд Ленинградмæ, нецæмæй æй батухсун кæндзæнæн, бацæудзæнæн ахурмæ», – уотæ гъуди кæнгæй, рахатæбахатæ фæккодта æхе хуссæни сæумæмæ. Сæумæ ба еци игъæлдзæгæй æ хуæри уæлгъос балæудтæй, æ ходæндзаст цæститæй имæ никкастæй, уæдта ин загъта лигъстæгæнгæ гъæлæси уагæй:

– Катя, дæ хæццæ мæ Ленинградмæ фæлласай, уоми мæ фæндуй ахур кæнун...

Катя нигъгъос æй, æ минкъий æнсувæри дзубандитæ имæ гъазæгау фæккастæнцæ. Фал бабæй имæ Дзандар нæуæгæй æхе бахадта:

– Мæн дæр ахур кæнун фæндуй, дæ хæццæ мæ райсæ!..

Нур Катя балæдæрдтæй, биццеуæн æ дзубандитæ æ зæрди арфæй ке цæунцæ æма сагъæсти фæцæй: «Цума æй нур æцæгæй мæ хæццæ ку фæлласинæ, уæд цитæ кæнидæ еци устур æнæзонгæ сахари, æхсæз къласи дæр ку нæма фæцæй, кæми ахур кæндзæнæй, кæми цæрдзæнæй?» Уотæ рагъуди кæнгæй, рамæстгун æй æма ин уотæ бакодта:

– Мæхецæн æмдзæрæни бунат туххæй ку ес, æртæ кизгемæй унгæг уати ку цæрæн, уæд кумæ тæходуй кæнис, кæми цæрдзæнæ, циуавæр скъоламæ цæудзæнæ?

Дзандар æ хуæри еци дзуапбæл зæрдсаст нæ фæцæй. Æнгъæлмæ имæ кастæй каникулти æ иннæ исæздæхтмæ, ка ’й зонуй, уæдмæ æ хуæрæ æ фæндæ хуæздæрæрдæмæ раййевдзæнæй.

Æрхъæрдтæй еци иннæ анз дæр. Дуккаг дæр. Уæддæр Катя æ гъос нæ даруй Дзандари æ хæццæ фæххонунмæ. Айдагъдæр фæстаг къурсмæ ку бацудæй, уæд æ минкъий æнсувæрæн зæрдæ байвардта ке ’й фæлласдзæнæй Ленинградмæ, уомæй.

Рагъуди кæнгæй, Тæкъоти дууадæсанздзуд Дзандарбæл устур деси бацæуун æнгъизтæй: нæ рахес, нæ галеу æвзарун нæма зудта, уотемæй æй æрфæндадтæй курухон лæги нæдтæбæл фæццæун, устур ахургонд исун.

1928 анз. Хумæтæг зæнхкосæг ниййергутæ сæ хъæболæ Дзандари нæ бакъулумпи кодтонцæ æ балцийæй. Еци анз биццеу каст фæцæй æхсæз къласи. Райста скъолайæй æ гæгъæдитæ, æ хурдзини ниввардта цалдæр киунуги, зуймон дарæсæй райста фусдзармæй худт кæрцæ æма ходæ, уотемæй лæги бундзæфхад рабæлццон æй.

Æвзонг биццеу æ хурдзини хæццæ Ленингради Невай проспектбæл æ студент хуæри фæсте ку уадæй, уæд имæ сахайраг адæм цæмæдесæй кастæнцæ, цума, аци биццеу ци гъуддагбæл лæуд уодзæнæй, зæгъгæ.

### Æ КАФТÆЙ АДÆМИ ДЕСИ ÆФТУДТА...

Дзандар æрфусун кодта институти æмдзæрæни Катя æма е ’мбал кизгутти уати. Дуккаг бон æй Катя бакодта скъоламæ – косгути факультетмæ. Ахуради хайади сæргълæууæг æй раздахта, æ æнзтæ ке нæ æййафтонцæ, уомæ гæсгæ. Æма уæд бацудæй фабрикон-заводон авданзон скъоламæ, фал æй райстонцæ фæстæмæ æхсæзæймаг къласмæ, уруссаг æвзаг, дан, лæмæгъ зонуй, зæгъгæ. Фиццаг бæнтти рабæрæг æй ахурмæ æ зæрдæргъæвддзийнадæ. Уруссаг æвзаги грамматикæ иннæ скъоладзаутæй лæмæгъдæр нæ зудта. Ахургæнæг ахид дзурдта, зæгъгæ, дан, кавказаг биццеу берæ уруссаг ахурдзаутæй дæснидæр финсуй. Дзандар æ еугур хъауритæй дæр архайдта уобæл, цæмæй еугур предметтæ дæр зона æмхузон хуарз. Æма е æ къохи æфтудæй. Математикæ æма физики предметтæй къласи адтæй еугуремæй хъаурæгиндæр. Æ сахайраг уруссаг æмбæлттæй бæрæг дардта айдагъдæр æ уæледарæсæй.

Еууæхæни Петрогради фарси райони (уотæ хундтæй уæди районтæй еу) фабрикон-заводон авданзон скъолати ’хсæн физикæ æма математикæбæл арæзт æрцудæй конкурс. Дæснидæр ахурдзаути хæццæ уордæмæ рарвистонцæ Дзандари дæр. Се скъола байахæста фиццаг бунат.

– Скъолай ахури рæстæги ци æримисон, уæхæн хабæрттæ мæмæ минкъий нæййес, – дзурдта Дзандар. – Мæ хуæрæ мæ ку бакодта скъоламæ, уæд мæмæ цæмæй хуæздæр цæстæй ракастайуонцæ, уой туххæй син загътон, къахифийтæбæл лезгинкæ хъæбæр дæсни ке кафун. Æма ’й еууæхæни скъолай цидæр бæрæгбони кадæн изæри ракафун кодтонцæ. Хъæбæр фæццудæй сæ зæрдæмæ мæ кафт. Иннæ хатт ба Петрогради фарси райони скъолатæн арæзт æрцудæй олимпиадæ, кæцими архайдтонцæ хехъæппæресадон къуæрттæ. Не скъолай нæуæгдзаути разамонæг мæмæ ниллæудтæй, цæмæй æз дæр лезгинкæ ракафон. Аразий дзуапп ин ку равардтон, уæд мæ фæххудта Васильеви сакъадахмæ (уотæ хундтæй еу район). Уоми тукани бæтгæй лæвардтонцæ национ дарæс. Æз равзурстон цохъа бухар ходи хæццæ. Олимпиадæ цудæй театри устур зали. Зæрдиагæй байархайдтон мæ къахифийтæбæл лезгинкæ ракафунбæл. Хъæбæр исхед дæн кафгæ-кафун æма ку фæдтæн, уæд фæттагъд кодтон мæ цохъа раййевунмæ. Мæ фæдбæл æрбауадæй нæуæгдзаути разамонæг æма мæмæ дзоруй:

– Еу хатт ма ракафæ!..

– Бафæлладтæн, – дзуапп ин равардтон æз.

– Зали бадæг адæми фæндуй еу хатт ма дæ кафтмæ бакæсун, еугурæйдæр гъæр кæнунцæ «бис», «бис»...

Æз æй бафарстон, ци æй «бис», зæгъгæ. Æма, дан, дæ нæуæгæй сценæмæ хонунцæ. Уæд ратъæбæртт кодтон æма нæуæгæй æркафтон.

– Иннæ хатт мæ хехъæппæресадон къуари хæццæ ракодтонцæ Макс Гельци номбæл заводмæ. Куддæр кавказаг музыкæ æрцагъта æма лезгинкæ кафун райдæдтон, уотæ цехтæй косгутæ рауадæнцæ. Еу цехи кустонцæ немуцæгтæ, етæ хъæбæр берæ уарзтонцæ кавказаг музыкæ æма ма станокти сæртæмæ дæр исхизтæнцæ мæ кафт фæуууинунмæ.

Еци олимпиади, Дзандар кæци скъолай ахур кодта, е фиццаг бунат ке байахæста,



уомæ гæсгæ æ гъолæ сах рабадтæй: алли мæйæ дæр ин лæвардтонцæ 12 соми, лæвар иста сæумæй тæвдæ хуæруйнаг, балхæдтонцæ ин батинкитæ, сæрдигон хæдонæ. Фал ибæл еци хуарздзийнади фæсте ба æндæр хабар дæр æрцудæй. Æмдзæрæни кадæр багъаст кодта, кизгутти уати, дан, нæлгоймаг цæруй. Æрбацудæй милици косæг æма 'й гъæунгæмæ ратардта, дуаргæсæн карзæй бафæдзахста, цæмæй æй мабал æрбауадза. Сауæнгæ изæрмæ Ботаникон дзæхæрадони, сирддони фæззилдæй, уæдта æрбаздахтæй æмдзæрæнмæ. Нæбал æй бауагъта дуаргæс. Уæд биццеу бацудæй, æ идард хæстæг Таболти Минчимæ. Еуминкъий сæмæ ку рабадтæй, уæд æ фæдбæл фæззиндтæй æ хуæрæ æма 'й ракодта æмдзæрæнмæ.

Æхсæз мæйей фæсте Катя каст фæцæй институт æма 'й косунмæ рарвистонцæ Бакумæ. Дзандари дæр æ хæццæ фæлласта, равардта æй ахур кæнунмæ скъоламæ. Каст æй ку фæцæй, уæд бацудæй Бакуй Азизбеки номбæл индустриалон институтмæ нефти факультетмæ. 1941 анзи инженери диплом ку райста, уæд ин барæ адтæй – кенæ сахари байзайун, кенæ Башкиримæ рандæун – дуккаг Баку ке худтонцæ, уордæмæ. Æцæг ами нефт райсунбæл гъудæй косун. Исарази æй зиндæр куст равзарунбæл Башкирий, Ишинбаево ке худтонцæ, уоми адтæй нефт. Фал ин æ игурæнтæ æнхæстæй раргом кæнун гъудæй. Æма бæрзонд, саулагъз рæсугъд ирон биццеу инженери дипломи хæццæ æрлæудтæй трест «Ишинбайнефть»-и хецауи рази.

– Æгас цо, инженер! – æ къох ин райсгæй дзоруй хецау. – Фудхуз дæ, фал махмæ уайтæккæдæр «исхуæрзхуз» уодзæнæ устур æма æнæнцойнæ кустæй.

Дзандар лæмбунæг игъуста æ нæуæг хецауи дзубандитæмæ, æ сæр аразий тилд кæнгæй.

Æрвист æрцудæй Кузьминовски промыслитæмæ. Райдæдта косун Тæкъоти æригон инженер мастери агъазгæнæгæй, Ишимбаевойæй æхсæз километри идарддæр. Уайтæккæдæр коллективи æ бунат иссирдта, бауарзтонцæ 'й æнсувæри хузæн, уомæн æма æхуæдæг дæр æмбалуарзон, хæларзæрдæ адтæй. Æ нæуæг бунати сабур æма игъæлдзæг цард берæ нæ рахаста. Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд. Иристойнаг лæг æ сæрмæ кæд хаста тугъдæй æхе баримæхсун? Бацудæй тугъдон комиссарадæмæ æ курдиади хæццæ. Уоми баййафта трести хецауи дæр. Дзандари курдиадæ ку рауидта, уæд имæ дзоруй:

– Барвæндонæй тугъдмæ цæуис?

– Гъо, барвæндонæй, – дзуапп равардта Дзандар.

– Кæми ахур кодтай? – мæстгун фарст æй ракодта хецау.

– Бакуй...

– Æма дæ цæбæл ахур кодтонцæ?

– Нефт амал кæнунбæл, Райгурæн бæстæ уарзунбæл...

– Æма дин уæд нæ дзурдтонцæ, æнæ нефтæй Райгурæн бæстæ багъæуай кæнæн ке нæййес, уой, – гъæрæй дзурдта хецау, – хуæдтæхгутæ, танкитæ æнæ артагæй куд фæуууæлахез уодзæнæнцæ знагбæл. Мæнмæ аци бон Мæскуй адæмон комиссарадæй дзурдтонцæ, нефти куст ка кæнуй, цæмæй уони тугъдмæ ма рауадзон.

## АГЪАЗИАУ АДТÆЙ Æ ФÆЛЛОЙНÆ УÆЛАХЕЗИ СÆРБÆЛТАУ

Дзандар раздахтæй æ кусти бунатмæ æма, æ дустæ арфдæр бахатгæй, æрлæудтæй нефтцъирæнти уæлгъос. Цудæй æверхъау тугъд Райгурæн бæсти зæнхæбæл. Трести хецау æхсæвæй-бонмæ разелæ-базелæ кодта нефти кустуæттæбæл. Мæстгунхузæй фæззиннидæ Дзандар кæми куста, еци промыслити дæр æма æ баргин гъæлæс райгъусидæ:

– Мæску нефт агоруй, адæмон комиссар Уфамæ нæбал дзоруй, фал махмæ, Ишимбаевомæ...

Знаг лæбурдта размæ, сугъта нин нæ сахартæ æма гъæутæ, мардта æвуд адæми, уæлдай хъæбæрдæр ба бæлдтæй нефти кустуæттæ æхердигæй фæккæнунмæ.

– Тугъди райдайæни немуц Мæскуй бунмæ ку бахъæрдтæнцæ, – дзурдта Дзандар, – уæд Гитлер сæрустурæй загъта Германи Уæрæсейæн æ кавказаг нефт ку байса, уæд тагъд фæуууæлахез уодзинан. Æма Гитлер æ бицъинæг скъудта Краснодари край, Грозна æма Баку тагъддæр байахæссунбæл. Фашисттæн сæ тугъдон фулдæр хай арæзт æрцудæй Майкоп æма Малгобекмæ. Кавказаг нефт знагæй багъæуай кæнуни туххæй ци мадзæлттæ аразта советон хецауадæ, уой туххæй мин фæстæдæр мæ хуарз хæлар Н.К. Байбаков (тугъди рæстæги е нисангонд æрцудæй ССР Цæдеси нефти промышленности адæмон комиссарæй) дзурдта, зæгъгæ, дан, мæмæ И.В.Сталин æхемæ фæдздзурдта æма мин карзæй загъта, куддæр, дан, немуц Майкоп æма Малгобек байахæссонцæ æма еци районти нефтæй еунæг æртæхæй дæр нæ нихмæ куддæр испайда кæнонцæ, уотæ (Сталин æ рахес къохи æнгулдзитæй æ сæри рахес фарсмæ райамудта) Байбаковæн æ сæри рахес фарсбæл фæуууодзæнæй нæмуг. Немуц Майкоп æма Малгобек ку нæ райсонцæ, фал нефтцъирæнтæ уотæ ку исæхгæнайтæ æма си уой фæсте нефт исесун нæ къохи ку нæбал бафтуйа, уæддæр (Сталин нур ба æ галеу къохи æнгулдзитæй æ сæри галеу фарсмæ райамудта) дæ сæри галеу фарсбæл фæуууодзæнæй нæмуг, зæгъгæ.

Еци бæнтти, цæмæй кавказаг нефти æвæрæнтæ гъæуайгонд æрцæуонцæ знагæй, уой туххæй Паддзахадон Гъæуайкæнуйнади Комитети унаффæмæ гæсгæ Мæскуй, Майкопи, Малгобеки нефти кусти зундгонд специалисттæй, Медгъуддæгти министради рæмодзæг косгутæй æма чекисттæй арæзт æрцудæй сæрмагонд къуар, æ сæргъи ССР Цæдеси нефти промышленности адæмон комиссар Н. К. Байбаков, уотемæй.

Къуари иуонгтæ сæ гъос дардтонцæ тугъдон уавæрмæ. Куддæр балæдæрдтæнцæ, Майкоп æма Малгобекмæ знаги нимпурст бауорамун сæ къохи нæ бафтуйдзæнæй, уотæ нефтцъирæнтæ ихалунмæ бавналдтонцæ æма син сæ арæзтадон æрмæг, нефткосæг бригæдти æд бийнонтæ рарвистонцæ Скæсæнмæ. Берæ рæстæг нæ рацудæй, уотæ фашисттæ байахæстонцæ Майкоп æма Малгобек. Сæ зæрди адтæй уоми исаразун концерн «Немуцаг нефт Кавкази», зæгъгæ, уæхæн номи хæццæ. Фал сæ фæндæ фæссикк æй, цуппар мæйей фæсте немуц уордæгæй сурд æрцудæнцæ æма сæ къохи нæ бафтудæй Кавкази нефтæй испайда кæнун. Скæсæнæй здæхт цудæнцæ арæзтадон æрмæг, косгутæ æд бийнонтæ æма уайтæккæ дæр нæуæгæй райдæдтонцæ тугъдæн нефт дæттуни куститæ...

Гъо, Дзандар æвæллайгæ куст кодта уæлахези сæрбæлтау. Байархайун гъудæй, цæмæй зæнхи бунæй нефт тухгин фонтанæй стона. Æригон инженер ци компрессори хæццæ архайдта, е адтæй америкаг, бæрзонд, æ паспортмæ гæсгæ хъаурæ нæбал адтæй. 60 атмосфери фæсте мотор сурхзинг фестадæй æма куст размæ нæ цудæй. Дзандар федарæй загъта, гъæуама «зæронд» америкаг компрессорæн ести мадзалæй раттун кæнон нефт порцигай, гъома, рауолæфун æй кæндзæнæн, зæгъгæ.

Еууæхæни æхсæвæ рацудæй нефтцъирæнтæмæ. Æркосун кодта компрессор. Кæсуй манометри амонæн фатæгмæ. Атмосферæ 60-мæ ку исхъæрдтæй, уæд мотор сурхзинг фестадæй æма 'й бауорæдта, атмосфери æлхъивдадæ бал рахгæдта, фæстауæрци мæмæ уодзæнæй, зæгъгæ. Мотор ку æруазал æй, уæдта бабæй æй нæуæгæй искосун кодта. Амонæн фат сабургай хæрдмæ цæуй. Исхъæрдтæй 70 атмосфери уæнгæ. Мотор бабæй ку иссурх зинг æй, уæд æй бауолæфун кодта. Уотемæй мотор порцигай косун кæнгæй, амонæн фатæг исхъæрдтæй 73 атмосфери уæнгæ. Æнгъæл куд нæ адтæй Дзандар, уотæ рауадæй гъуддаг. Нефт фонтанæй ниццавта. Кæд æхсæвæ æнафонæ адтæй, уæддæр, еци цийни хабар трести хецауæн фегъосун кæнон, зæгъгæ, æма имæ телефонæй бадзурдта:

– Нефт рацудæй, фонтанæй цæвуй!

– Цæйбæрцæ æй нефтцъирæни æлхъивдадæ? – цæмæдес фарст ракодта хецау.

– 73 атмосфери, – дзуапп равардта Дзандар.

– Арфæ дин кæнун, нур тугъдæн нæ бон æй нефт æнæкъулумпийæй дæттун,– игъустæй хæтæлæй хецауи цийнæйдзаг гъæлæс.

Промыслити косгутæй берети æруагæс дæр нæ кодта, уæхæн æнтæстдзийнадæ сæ къохи ескæд бафтуйдзæнæй æма сæ ихæс æнхæст кæнун райдайдзæнæнцæ, е.

Рацудæй цæйбæрцæдæр рæстæг. Еу бон Дзандармæ фæдздзурдтонцæ трестмæ æма ин загътонцæ:

– Хуарз бафудæбон кодтай Кузьминовски нефти æвæрæнтæ раргом кæнунбæл. Нур ба басгарун гъæуй Туймазай зæнхи æрфитæ академик Губкини амунддзийнадæмæ гæсгæ.

Дзандар исарази æй. Æцæгæй Губкини гъудимæ гæсгæ зæнхæ басгарун къохи ку бафтуйа, уæд си нефт разиндзæнæй æма райдæдта хъæбæр зин, фал кадгин ихæс æнхæст кæнун.

## ТОХ КОДТОНЦÆ ФИДИБÆСТÆН ФУЛДÆР НЕФТЬ РАТТУНБÆЛ.

Туймазайи 100-аг нефтцъирæни коллектив Дзандари разамундæй райдæдта косун. Нæ бæсти уомæй размæ уæхæн сгæрст некæд адтæй, æ нифс имæ неке хаста, нефт си ку нæ разинна æма нæ фудæбон дзæгъæли ку фæууа, зæгъгæ. Фал си разиндтæй агъазиау æвæрæнтæ. Уомæй размæ æнæгъæнæ трести промыслитæ тох кодтонцæ суткæмæ 300 тонни нефт дæттунбæл. Нур 100-аг нефтцъирæни коллектив арф æвæрæнтæ ку раргом кодта, уæд трест уæлдайгунтæй æ пълан æнхæст кæнун райдæдта. Еци æскъуæлхтдзийнади туххæй промысли коллективæн лæвæрд æрцудæй ССР Цæдеси Паддзахадон Гъæуайкæнуйнади Комитети туруса.

Тугъди æбуалгъ хабæрттæ уæгъдæ нæ уагътонцæ нефтикустгæнгути. Лæдæрдтæнцæ, Советон Æфсади уæлахез берæ аразгæ ке æй сæ уодвæллойнæй æма тох кодтонцæ æфсадæн фулдæр нефт раттунбæл.

6



ТÆКЪОТИ Дзандар (раззаг рæнгъи астæуæй) Америки Еугонд Штатти кустадон балций рæстæг фембæлдтитæй еуеми.



ТÆКЪОТИ Дзандар Парижи компани «Текнип»-и президент Селерьей хæццæ фембæлди рæстæг. 1982 анз.

***Еу бердзенаг лæг А. ДЮМАЙÆН сæрустурæй загъта: «Тæккæ зундгиндæр лæгтæ æма номдзуддæр философтæ мах бæстæй рацудæнцæ!..» Уæд ин номдзуд финсæг ку зæгъуидæ: «Раст зæгъис, бердзенти бæстæй рацудæнцæ. Уомæ гæсгæ уæмæ еунæг зундгин лæг дæр нæбал байзадæй...»***



ТÆКЪОТИ Дзандар Киристонгъæуи (дуккаг рæнгъи галеуæрдигæй æртиккаг) æ хеуæнттæ æма æмгъæуккæгти хæццæ.

# ЛЕНИНОН ПРЕМИЙ ЛАУРЕАТ

5

Æнæмæтæ нæ адтæнцæ сæ бийнонтæбæл дæр. Дзандарæн е 'нсувæртæ Дудик æма Тамби дæр рандæнцæ тугъдмæ, адтæнцæ танкисттæ. Дудик бæгъатæрæй фæммард æй. Тамби цæфтæй исæздахтæй фæстæмæ.

Ирæстæй æ зунд, е 'скъуæлхт фæллойни фæрци Тæкъоти инженерæн, æййивтонцæ 'й еу рауæнæй иннемæ бæрнондæр бунæттæмæ. 1943 анзи нисангонд æрцудæй трест «Туймазанефть»-и агъазиаудæр промысли сæйраг инженерæй. Æма ескæми куст райаразуйнаг æй, зæгъгæ, уæд имæ æрвистонцæ Дзандари. Косгæ ба фæккодта мæнæ уæхæн бунæтти: 1947 анзи – горæт Жигулевски трести «Ставропольнефть»-и сæйраг инженер; 1950 анзи иссæй еци трести хецау; 1955 анзи – Куйбышеви облæсти «Первомайнефть»-и управлений хецау; 1957 анзи – Куйбышеви облæсти адæмон комиссаради сæрдари хуæдæййевæг; 1958 анзи – СЦКП-й Куйбышеви обкоми промышленнон-транспортон хайади сæргълæуæг; 1960 анзи – еугонд «Куйбышевнефть»-и генералон директор. Куд уинæн, уотемæй дæс æма инсæй анзи Дзандар фæккуста Башкири АССР-и æма Куйбышеви облæсти нефти куст райаразунбæл.

## «САЛАМ ДИН ДÆТТÆН УРУХ ВОЛГÆ ÆМА МУХАНОВИ ИТИГЪД БУДУРТÆЙ!..»

Уоми цæрæг адæм æй нимадтонцæ се 'мзæнхонбæл. Мæнæ имæ æ игурæн бони фæдбæл куйбышеваг нефткосгутæ ци арфи финстæг æрбарвистонцæ уоми загъд адтæй: «Салам дин дæттæн Урух Волгæ æма Муханови итигъд будуртæй. Фæткъугин Адагæй æма Голодови Айнæгæй, хуæнхтæй, къахвæндæгтæй, кæци рауæн райевгъудæнцæ де 'ригон царди æнзтæ. Еци рæдау бунæттæ, куд дæхе æмбæлттæ – куйбышеваг нефткосгутæ – сæ зæрдæбæл дарунцæ æвæллайгæ, æдзохдæр æнæнцайгæ æма кустбæл æновуд Тæкъоти Авсимайхой фурт Дзандари. Ду берæ хуарздзийнæдтæ байтудтай нæ зæнхæбæл æма нур дæттунцæ гъæздуг, бæрдкадгин æвзæрттæ. Уой туххæй ди ан хъæбæр боз».

1970 анзи Тæкъоти Дзандар æййивд æрцудæй Мæскумæ ССР Цæдеси нефти промышленности министри хуæдæййевæгæй æндагон экономикон фарстати. Æхе равдиста дæсни, гъуддагбæл æновуд разамонæгæй. Аци бунати косгæй, уæдта Куйбышеви уогæй, устур æргом æздахта æ уарзон Иристонмæ, райгурæн Киристонгъæумæ, æнхус син кодта материалон-техникон фæрæзнитæй, трактортæй, автомашинттæй, арæзтадон æрмæгæй. Алли анз дæр æ фæллад уадзунмæ цудæй Кисловодскмæ æма æ над ракæнидæ Дзæуæгигъæубæл, Дигорабæл. Еухатт ба Дигорамæ иссæуæгæй, æ над ракодта Энгельси гъæунгæбæл. Е æй сахари сæйраг гъæунгæ. Ами цæуй Уорсдони дони къабазæ, хонунцæ 'й Астæудон. Тугъди размæ æма æ фæсте æнзти аци донæй пайда кодтонцæ киристонгъæуккæгтæ. Билгæрæнттæ адтæнцæ кæдзос, сæрдигон си сабийтæ сæхе дæр æртадтонцæ. Фал нур Дзандар дони билгæрæнттæмæ ку æркастæй, уæд фæкъкъех æй: дон нимминкъий æй, ниуазунмæ нæбал бæзтæй, хъæстæ, бабузтæ, хутæ си сæхе ерхæфсунцæ. Дзандар зудта, æ гъæубæстæ дони туххæй хъæбæр ке тухсунцæ. Еци рæстæг партий Дигори райкоми фиццаг секретарæй куста Акъоти Василий. Фембалдæй æ хæццæ æма ин уотæ:

– Василий, материалон-техникон фæрæзнитæй районæн байагъаз кæнуни туххæй мæмæ дæхе ку бахатис, уæд дин дæ курдиадæ æнæ исæнхæст кæнгæ ку некæд фæуун, уæд ниуазуни донæй адæми бафсадуни туххæй куд неци мадзæлттæ аразис. Байевдæлæ æма искæнун кæнæ проект кæдзос артезианон донцъирæн исаразуни туххæй. Техникон фæрæзнитæй цидæриддæр гъæуа, уони уин исæрветдзæнæн.

– Е агъазиау æнхус уайдæ районæн, æма дин арфæ кæнун, нимайæй, цума дæ проект конд æй, уотæ.

Дзандар куддæр Куйбышевмæ рандæй, уотæ æ дзурд æнхæст кæнун райдæдта. Цубур рæстæги фæсте Дигорамæ сæрмагонд вагæнтти исæрвиста хæтæлтæ, трансформатортæ æнæгъæнæ комплекти хæццæ, артезианон цъирæнтæ, æхгæнæнтæ. Фæстæдæр бабæй æ фæллад уадзунмæ ку иссудæй, уæд ин Акъоти Василий уотæ:

– Дзандар, объект еугурæйдæр бæргæ исрæвдзæ 'й, фал цъирæнтæ дон нæ дæттунцæ.

– Уомæн уæн нæййес, – загъта Дзандар, – æз исæрвистон нæуæг цъирæнтæ, гъуддаг æндæр цидæр къулумпи кæнуй. Цæуæн æма 'й исбæрæг кæнæн.

Рандæнцæ донцъирæнмæ. Дзандар машинистмæ дзоруй, цъирæни электромотор искосун кæнæ, зæгъгæ. Искосун кодта агрегат, фал цъирæн дон нæ 'слæвардта. Дзандар уайтæккæдæр гъуддаг балæдæрдтæй. Машинист æндагскъæф цъирæн раст нæ исевтигъта æма имæ ходгæй дзоруй:

– Æндагскъæф цъирæн уадзун гъæуй, е 'хгæнæнтæ игон куд уонцæ, уотемæй.

Фал машинист нæ арази кæнуй цъирæни æхгæнæнтæ исæхгæнунбæл, тæрсуй, дони тухæфсæрстæй агрегати корпус ку расæтта.

– Дзандар куд зæгъуй, уæхæн уагæбæл исæвæрæ агрегат æма 'й æркосун кæнæ, – загъта Василий машинистæн.

Рауагътонцæ агрегат. Æхгæнæни манометрбæл атмосферон æлхъивдадæ куддæр фæззиндтæй, уотæ ин Дзандар е 'хгæнæн фегон кодта æма дин Хуцау уæхæн хуарз ракæнæд – кæдзос артезианон дон 15 метрей бæрцæ хæрдмæ ниццавта. Уæдæй абони уæнгæ Дигора æфсæсес æй донæй. Берæ арфи дзурдтæ ин фæззæгъиуонцæ адæм.

## РОХС ФÆД НИУУАГЪТА ДЗАНДАР Æ НАМУСГИН КАРНИ НÆДТÆБÆЛ...

Гъæугæ лæг адтæй Иристонæн Тæкъоти Дзандар.

– Иристони нефт ес, – дзурдта нæ кадгин æмзæнхон, Ленинон премий лауреат, – зæрдæдарæн ес нæуæгдæр, агъазиаудæр нефти игурæнтæ нæ къохи ке бафтуйдзæнæй, уобæл. Хумæтæг ихæс нæй. Нефти игурæнтæ байагорун æма сæ искосун кæнунæн устур æхцай фæрæзнитæ гъæуй, уой зонгæй, гъæуама гъуддагмæ кæсæн бæрнон цæстæй.

Æ рæстæги нæ республики нисангонд æрцудæй программæ «Иристони нефт» (гъулæггагæн, еци программæ берæ цæйдæрти фудæй кæронмæ æнхæстгонд не 'рцудæй, еузагъдæй, неци си рауадæй. - *Ред.*)

Берæ æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй Дзандари къохи нефти æвæрæнтæ рагом кæнуни гъуддаги айдагъ нæхе бæсти нæ, фал ма фæсарæйнаг бæстити дæр. Сирийæгтæ Дзандари хулдтонцæ «Сирий нефти промышленности фидæ». Ираки «Северная Румела» æма «Лухейс»-и нефти игурæнтæ фиццагидæр игонгонд æрцудæнцæ советон нефткосгути фæрци, сæ сæргъи ССР Цæдеси нефти промышленности министри хуæдæййевæг æндагон экономикон гъуддæгути Тæкъоти Дзандар. Уой туххæй Дзандар хуарзæнхæгонд æрцудæй Ираки орденæй. Арфиаг си адтæнцæ кубæйæгтæ дæр, сæ национ промышленности ирæзтмæ æ фæллойни хай ке бахаста, уой туххæй. Уотæ индийæгтæ дæр. Куби разамонæг Фидель Кастро ин æ косæнуати исаразта фембæлд æма ин æ агъази туххæй зæрдиаг арфæ ракодта Рауль Кастро. Еци фембæлди ци къартæ исистонцæ еумæ, етæ æнцæ Дзæуæгигъæуи бæстæзонæн музейи. Къуар анзей дæргъи Тæкъой-фурт адтæй Азий æма Африки бæстити Комитети иуонг.

Рохс фæд ниууагъта Дзандар æ фæллойни намусгин нæдтæбæл. Нефти кустадæ райаразун æма си хæдзардзинæй пайда кæнуни фæдбæл ци наукон куститæ, статьятæ ниффинста, уони нимæдзæ сæдемæ хæстæг æй. ССР Цæдеси нефти промышленности хуæдæййевæгæй косгæй, гъуддаги фæдбæл 89 хатти балцити адтæй Америки Еугонд Штатти, Франций, Канади, Японий, Мексики, Италий, Финляндий, Египети, Кувейти, Ливий, Польший, Чехословакий æма æндæр бæстити. Æма кæмидæриддæр адтæй, уоми 'й нимадтонцæ дæсни специалист æма курухон дипломатбæл.

Тæкъой-фурти намусгин фæллойнæн паддзахадæ искодта устур аргъ: лæвæрд ин æрцудæй Ленинон преми, Ленини дууæ ордени, фæллойнадон Сурх Турусай дууæ ордени, Адæмти Хæлардзийнади орден, Устур Фидибæстон тугъди 1941-1945 æнзти æ хъазауатон фæллойни туххæй майдантæ, Кади гæгъæдитæ. Лæвæрд ин æрцудæй нæ республики цитгиндæр хуæзеуæг «Иристони кадæн». Исаккаг ин кодтонцæ цитгин нæмттæ: «Уæрæсей наукæ æма техники æскъуæлхт косæг», «Кадгин нефткосæг», «Уæрæсей нефти æма гази промышленности æскъуæлхт косæг». Æ наукон æргъудидзийнадæн райста авд патенти; бахаста инсæй рационализаторон фæндонемæй фулдæр.

РЕДАКЦИЙÆЙ: *Тæкъоти Дзандар пенсий ку рацудæй, уæд исæздахтæй æ райгурæн Иристонмæ æма си фæццардæй æ цæрди фæстаг бæнтти уæнгæ. Рамардæй 2001 анзи 19 январи, нигæд æй æ райгурæн Киристонгъæуи. Ами Намуси Аллейи ин æвæрд æрцудæй циртдзæвæн æ мраморон бюсти хæццæ.*




Циртдзæвæн ТÆКЪОТИ Дзандарæн Дигорай Кади Аллейи.

22 мартъий бæрæггонд цæудзæнæй таксисти бон – еци бон 1907 анзи фиццаг такси фæззиндтæй Лондони. Мах бæсти дæр такси фæззиндтæй еци анз – еци куст кодтонцæ 300 хуæдтолги.

***Номдзуд рагон персайнаг поэт Саади загъта: «Æгæр мæстгунгæнагæ ку уай, уæд адæмбæл тас æфтауис, рæвдудæн дæр бæрцæ ку нæ зонай, уæд дæ кадæ дæлæмæ хауй. Уотæ карз ма уо, æма адæмæн куд исæнадæ уай, уæдта уæхæн фæлмæнзæрдæ ма уо, æма дæмæ адæм æгæр куд ку исæндиуд уонцæ...»***



**Мæнæ абони ци поэмæ мухур кæнæн, уой кой ма кæддæр кодтан, Темирати номдзуд лæгтæй еу, Мæрзахъули фурт Андрейи туххæй финст æрмæги. Æ кой ба ин искодтан, Темирати муггаги равзурди хабæрттæ æримисгæй. Еци хабæрттæй еуемæ гæсгæ, раги кæддæр, дан, Ассийæй Дигори коммæ Гайуайти муггагæй æрбафтудæнцæ цуппар æнсувæри: Темира, Сæууай, Дзанкис, Саукуй, уæдта сæ еунæг хуæрæ – Гумерхан. Аци таурæхъи кой ку искодтан Андрейæн, уæд нин е ба уотæ бакодта, гъома, дан, си цидæртæ бустæги раст нæ ‘нцæ. Æ загъдмæ гæсгæ, раст дæр æй, сæ муггаги номдзуддæр лæгтæй еу, поэт, дзенети бадæг ТЕМИРАТИ Морат æ поэмæ «Байборухъ æма æ уæларвон кизгæ Гурмехан»-и сæ муггаги равзурди туххæй куд финсуй, е. Абони æй мах дæр уомæ гæсгæ мухур кæнæн, æма уотæ нæмæ кæсуй, цума цæмæдессаг уодзæнæй айдагъ Темирати муггагæн нæ, фал нæ Дигоргоми рагон хабæрттæмæ тулаваст ка ‘й, уонæн еугуремæн дæр.**

**Нур ба цубурæй æ ниффинсæги туххæй. Темирати Дзомати фурт Морат райгурдæй Киристонгъæуи 1929 анзи. Скъола каст фæууни фæсте (1949 анзи) ахур кæнунмæ бацудæй Тифлиси артиллерион æфсæддон училищемæ. Уой каст фæууогæй, æрвист æрцудæй Камчатки æфсæддон хæйттæй еуемæ. Уоми æ службæ 1954 анзи фæууогæй, исæздахтæй Цæгат Иристонмæ. Архайдта Дзæуæгигъæуи æфсæддон хæйтти еуей арæзтади, фæстæдæр (1960 анзи) ба ‘й рарвистонцæ Дигорай æфсæддон комиссариатмæ æма си пенсимæ рацæуни уæнгæ фæккуста аллихузон бæрнон бунæтти. Хуарзæнхæгонд æрцудæй аллихузон паддзахадон хуæрзеугутæй. Морат æхцул адтæй исфæлдистадон кустбæл дæр. Æ рæстæги ин рацудæй поэзий дууæ киунуги «Æхсинтти ком» (1997 анзи) æма «Мæ зæрди хор – Дигоргом» (2002 анзи). Гъулæггагæн, æ дуккаг киунугæ æхуæдæг нæбал фæууидта, е ‘носон дуйнемæ бацудæй...**

# Гурмехан

**ПОЭМÆ**

## Байборухъ æма нæ уæларвон хуæрæ Гурмехан



**1.**

Устур Кæсæгæй, Уазай æфцæгбæл
Æ фусти дзогæ фæхстæбæл хезгæ,
Ку æрбафтуйуй Дигори коммæ
Байборухъ, зæгъгæ, Гайуайти лæхъуæн.
Байборухъ адтæй, бæхбæл гъазунмæ,
Топпæй æхсунмæ – хуæрзарæхст лæппо.
Æ гъæздугадæ æдеугур адтæй:
Æ фусти дзогæ еу-сæди бæрцæ,
Æ саргъи цъæх бæх, дууæ селæни –
Еу хундтæй «Байсор» иннæ ба «Баййаф»,
Æ цæгъдæн хæтæл, æхснеуæн – фæрæт,
Æрцъинггæнæнтæ идзæгъни хæццæ.
Æ нимæт уидæ баслухъи хæццæ,
Зæнгбæттæнæй баст æ фæсабæрцæ,
Æ цауæйнон топп е ‘фцæгбæл ауигъд,
Æ фиййау циргъ кард æ суйни сæрбæл.
Æрфусун кæнуй Дигори коми,
Донифарс кæми ‘й нур, тæккæ, уоми.
И хонсар фахси, кæрдæги арфи,
И сауæрдонæн æ тæккæ рази.
Тъæпæн Дигори нифсхаст фæсевæд,
Цауæни цæугæй ку ‘ристæфунцæ
Нæуæг æрцæрæг Уорс хонхи бунмæ.
Еу райдзаст бони, цауæни цæугæй,
И дигорæнттæ сæ еци фæндаг
Ку ракæнунцæ уæд Байборухъбæл.
Салан – келантæ: ка дæ – кæцæй дæ?
– Æз дæн Гайуайтæй, хуннун – Байборухъ.
Ассиæй цæун мæ фустæ хезгæ.
Ниттаведзæ уй и бæлццæнттæбæл:
– Нур цалдæр бони, мæ даргъ фæндагбæл,
Нæма фæууидтон æз лæг æзмæлæг!
Уотæ дзоргæй син ракосарт кæнуй
Æ фусти дзогæй еу нæлгост далис.
Ба сæ рæвдауй, бæлццон æгъдауæй –
Е ‘гъæлдзæг дзурдæй, æ цæстингасæй.
Иссæ боц кæнуй цæнхæ – кæрдзинæй.
Æ нæртон æгъдау, æ бунати дзурд,
Е ‘уæнгти æзмæлд уæд Байборухъæн
Ку фæццудæнцæ дигоргоймæгтæн
Сæ зæрдитæмæ.
Фæллимæн унцæ, цæветтонгæ-ма,
Рагæй зонгæ ‘нцæ.
... Гъазгæ – ходгæй син ку райеудагъ уй –
Топпæй æхсунмæ, хъабагъ æхститæ.
Фæййерис унцæ: бæхбæл бадунмæ,
Топпæй æхсунмæ, уæзæ есунмæ.
Еци еристи фæууæлахез уй,
Æнæ гурусхæй, нæуæг æрцæрæг -
Гайуайти лæппо – æвзонг Байборухъ.

**2.**

Дигоргоймæгтæ, устур десгæнгæ,
Исæздæхунцæ сæ тъæпæн гъæумæ.
Сæ боц хестæртæн, и хорбадæни,
Ку æрдзорунцæ сæ нæуæг хабар.
Æвзедгæ хузæй – æнхъерæнгæнгæ.
Рацудæй рæстæг, еу мæйи бæрцæ.
И тъæпæн гъæуи æхсæст фæсевæд,
Сæ домбайдæртæ: рæстдæр æхсгутæ,
Бæхбæл бадгутæ, хуæздæр хуæцгутæ,
Æрфестæг унцæ Гайуайи – фуртмæ,
Исаразунцæ устур еристæ:
Топпæй æхсунмæ, бæхбæл бадунмæ,
Дортæ есунмæ – нæртон гъæзтитæ.
Нур, аци хатт дæр и карз еристи
Фæууæлахез уй сæ нæуæг бæлццон,
Гайуайти лæппо – æвзонг Байборухъ.

**3.**

Дигоргоймæгтæ, сæртæ губурæй,
Иуонг бæрзондæй, исæздæхунцæ
Устур десгæнгæ сæ цæрæн гъæумæ.
Сæ цæрæн гъæуи, устур нихæси,
Гъæуи хестæртæн ку æрдзорунцæ,
Къæндзæстуг уогæй, сæ балций хабар.
«Нæуæг æрцæрæг – Байборухъ, зæгъгæ,
Топпæй æхсунмæ, бæхбæл бадунмæ
Еугуребæл дæр фæууæлахез æй, –
Фæссорун æй гъæуй а Дигоргомæй!»
Гъæуи хестæртæ, æдзинæг фегъосгæй
Сæ кæстæртæмæ, уæд ку зæгъунцæ,
Сæ фæндон уонæн:
– Е соргæ нæй, фал æрæллаугæнгæ ‘й.
Уæхæн сахъ биццеу, уæхæн сæрæн лæг
А уæхæн доги исбæздзæй махæн
Æзнæгти нихмæ, нихкъуæрд раттунмæ.
Раттун ин гъæуй, нæхе æнбарæ,
Нæ гъæуи фалдзос цæруни барæ.
Раттунцæ барæ, уæд, Гайуай-фуртæн,
И гъæуи фалдзос, цæруни барæ.
Байборухъи ма ци хуæздæр гъудæй?
Æрфусун кæнуй уездæнтти гъæуи –
Тъæпæн Дигори и фæндаггæрон.

**4.**

Фецудта рæстæг, æрцудæй фæззæг,
Еци дзамани Тъæпæн Дигори
Киндзæ хæстити, кизгæ ‘рвистити,
Сæ цийни усми игъæлдзæг адæм
Аразиуонцæ бæхтæбæл догътæ,
Хъабагъ æхсунмæ, нæртон еристæ.
Уæхæн ерисмæ æрцæуиуонцæ,
Гъæуи цæргутæ æд цъелæ-мелæ
Фæрсаг гъæутæй дæр берæ адæмтæ.
Еци еристи æвзонг Байборухъ
Алкæд ахæста раззагдæр бунат.
Æ нифс, æ хъаурæ, æ зунди фæрци.
Æ лæгдзийнадæ, æ хуарзи хабар,
Райгъустæй уайтагъд Дигори коми.
Гъæуи медæги хуæрзконд кизгуттæ
Ку бафтудтонцæ æвзонг Борухъи
Цидæр сагъæсти, цидæр гъудити:
«Царди æмбал мæ иссерун гъæуй», –
Æхецæн уотæ нигъгъуди кæнуй.
Е ку барветуй æ минæвæрттæ,
И уæздан муггаг – Абисалтæмæ.
И уæздан муггаг исаккаг кæнуй,
Уарзон хæстæгæн Гайуайи фурти.
Сæ сахи рæсугъд – Абисалонæн
Барæ раттунцæ æ царди æнкъай
Равзарунмæ.
Дессаги нивæ, дессаги амонд,
Уæд ку ракæсуй и Байборухъмæ.
Хори рохс тунæ – гъæуи рæсугъддæр –
Æ уоди æмбал, æ царди нивæ.
Кæрæдзей уарзгæй, гъазгæ ма ‘ходгæй,
Ку æрвистонцæ сæ царди бæнттæ.
Уарзон сабийтæ сæ еумæ царди
Уонæн рантæсуй Хуцауи фæндæй.
Цуппар лæхъуæни: Темира, Дзанкис,
Саукуй ‘ма Хъазах; ‘ма еунæг кизгæ,
Хорзæрийнæхуз – Гурмехан – рæсугъд.

**5.**

И æнсувæртæ, уæйгути хузæн,
Цуппаремæй дæр ку рацудæнцæ,
Се ‘гуæрдæнтæмæ, хуасæ кæрдунмæ.
Рæфти усми син сæ еунæг хуæрæ –
Гурмехан – рæсугъд ку рацæй хаста
Игуæрдæнтæмæ сæ рæфтади хай.
Еци бон адтæй Арв сæгъи цæстау –
Арви гъæбеси еу мегъи цъопп дæр
А дуйнетæбæл некæцæй зиндтæй.
Гурмехан – рæсугъд, фæстæмæ здæхгæй,
Нæма нихъхъæрттæй Ирæфи донмæ:
Гъе уоци рæстæг и кæдзос арвæй
Еу уорс мегъи цъопп æхе æруадзуй,
Тæхгæ цæргæсау, зелæн дунгæхуз,
И кизгæ ’рдæмæ.
Куд бундæр, уотæ устурдæргæнгæ.
Уорс-уорсид мегъæ, æ фæлмæн къохтæй,
Æ гъар гъæбеси ку æрбатохуй,
Гурмехан – рæсугъд – Гайуайти кизги.
И æнсувæртæ æдзинæг кæсунцæ,
И кизгæ æма мегъи æртахтмæ.
Мегъæн е ‘ртахтæй æ фæстæмæ тахт
Ку фæрраздæр уй, арви ферттивдау,
И арви цъæхи цæстиникъулдмæ
Ку æрбайсæфуй и уорс мегъи цъопп,
И уорс мегъи цъопп и кизги хæццæ.
И æнсувæртæ цуппаремæй дæр
Ку бацæунцæ сæ устур деси.
– Æдта ци ‘рбацæй нæ еунæг хуæрæ?! –
Ку æрцæунцæ еци рауæнмæ –
Некæми неке, некæми неци?!
Уоми ма, æрмæст, ку иссерунцæ
И фæндаггæрон и кизги дзабур.
И æнсувæртæ ку æрцæунцæ
Сæртæ губурæй сæ хæдзарæмæ.
Фæхъхъонц кæнунцæ æхсæвæ – бонмæ.

*(Идарддæр 8-аг фарсбæл.)*

**Базаради, адæми цардиуаги домæнтæ æнхæстгæнæг къабази æма цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради косгути Бон бæрæггонд цæудзæнæй 21 мартъий.**

*Французаг финсæг Эжен ИОНЕСКО загъта: «Фингæ цæй туххæй кæнун? Сæйрагдæр рæуонæ еу адтæй: фæндадтæй мæ аллибони тæлаф-тулуфти гъуддæгути, царди драми, фудбонти арæнтæй рахезун æма мæ сабийбонти дзенетон дуйне иссерун, кæдзос цийнæй мæ мондæгтæ исуадзун...»*

ПОЭМÆ

# Гурмехан

*(Кæрон. Райдайæн 7-аг фарсбæл.)*

«Ауæхæн дессаг, ауæхæн хабар,
Нæма фегъустæй адæми доги».
И бон фæррохси цуппаремæй дæр
Ранæхстæр унцæ сæ хуæри агор.
Темира цудæй хонсарæрдæмæ,
Дзанкис ба цудæй хорискæсæнмæ,
Саукуй – цæгатмæ, еугурей кæстæр –
Хъазах ка хундтæй – хорнигулæнмæ.
Фæйййагорунцæ къуæре æнгъудæй,
Хуæнхтæ ’ма кæмтти. Некæми неке,
Зæнхи цъарæбæл, некæми неци!
Æрæздæхунцæ сæ хæдзарæмæ,
Сæ цæрæн гъæумæ – Фæрæскъæттæмæ.
Нæуæгæй бабæй ранæхстæр унцæ,
Цуппар æрвади цуппарæрдæмæ,
Сæ хуæри агор къуæре æнгъудæй.
... Гъе утемæйти рæстæг дæр цудæй.
... Æрлæудтæй зумæг – уазал ’ма тузмæг.
Гъе уæддæр етæ нæ фæллайунцæ,
Æдæхсæвæ – æдæбон сæ хуæри агор.
Еу бон фæррохси æма хорискастмæ
Ковуни хузи дзоруй Темира:
«О, Дуней рохс, о – не ’Сфæлдесæг,
Нæ еунæг хуæрæ, кæми бафтудæй,
Ци Идауæг, ци изæд уой фæсвæд кæнуй?
Ра нæмæ ’й уадзæд, ра нæмæ кæсæд!
... Изæр æрхæццæ ’й. Хор фæйййауун æй.
Цæуй Темира никки изолдæр.
Кавкази хуæнхтæй тæккæ бæрзонддæр –
Гурдзий æфцæгбæл и мети арфи,
Е ку бафтуйуй еу арси фæдбæл.
Темира зæгъуй æхе меднимæр:
«Æз аци фæдбæл кæронмæ цæудзæн,
Фæд мæ хæсдзæнæй лæгæтмæ уæддæр.
Лæгæти медæг, æхсæви усми,
Фæийервæздзæнæн и гъизт уазалæй».
Бахъæртуй уæдмæ устур лæгæтмæ,
Æруадзон, зæгъгæ, мæхе меднимæт,
Гъе утемæйти, арви ферттивдау,
Лæгæти хурфæ ку фæррохс кæнуй.
– Е ци уа цума? Ци Идауæг уа?
Гъе уотæ рæхги Темира уинуй –
Æ бакомкоммæ, и мед лæгæти,
Хуцауи фæндæй и дуар байгон уй.
И меддуар уинуй Изæдбадæн уат.
И уати астæу сæ еунæг хуæрæ,
Хорау идзулгæ, Гурмехан рæсугъд.
Ра имæ уайуй, ни ’й хъури кæнуй,
И уатмæ дæр æй бæргæ бахонуй.
Сæ хъуритæ ’ма цийнити фæсте
Гурмехан рæсугъд ку æрцæйидзоруй,
Æфсæрмидзастæй е ’скъæфти хабар:
«Гъе еци бон, ку рацæй цудтæн,
И дони уæнгæ нæма æрхъæрттæн,
Гъе утемæй мæ уæлæрвон тухæ,
Уорс мегъи хузи æ фæлмæн къохтæй,
Исцæй æскъафта, æхемæ ’ртохгæй,
Хуцауи дзурдæй, æ уодæмбалæн.
... Хуцауи дзурдæй, и дуйней фæткæй,
Нæбал ес мæнæн фæстæмæ ’здæхæн,
Гъе фал уæ уæддæр нæ ферохс кæндзæн.
Нæ ферохс кæндзæн, мæ цæргæ бæнтти...
Нур уин мæ бон æй мæнæ аци лæвар –
Минкъий хъæзин къос, куд Уацамонгæ,
Е бæрæг кæндзæй: зин уæбæл цæуа,
Цийнæ уæ хеза – еу мæйæ раздæр.
Къоси билæбæл ку рацæй бада,
Дони æртæхтæ, цæссугтæхуз,
Уæд æй зонетæ, зин уæбæл цæудзæй.
Къоси билæбæл ку рацæй бадæ,
Хорзæрин фæрдуг, тæмæнтæ калгæ,
Уæд æй зондзинайтæ – цийнæ уæ хезуй.
Хуцауи фæндæй, Хуцауи дзурдæй.
Мæнæн еу мæ ном ердзинайтæ, цит –
Уасгергий бæнтти, Геуæргобати,
Æртæ сæфсади æхсири тулдæй.
Еумæ нин фулдæр рæстæг нæбал е ...
Хуцауи фæндæй, нур дæуæн цæугæ ’й –
Фæндараст кæнæ дæ хуæри фæндон!»
Уæдæй фæстæмæ Темиратæ, ’ма
Дзанкисти муггаг, Саукуйтæ æма
Хъазахти муггаг зæрдæй ковунцæ,
Уасгергий бæнтти сæ уарзон хуæрæ –
Гурмеханмæ дæр изæдти хæццæ.



**ТЕМИРАТИ дзиллæ алли анз дæр Дигоргоми сæ муггаги мæсуги рази сæрмагондæй исаразунцæ кувд, иссерунцæ си сæ хуæрæ Гурмехани рохс ном.**



# АХУРАДИ НÆУÆГ МАДЗÆЛТТÆЙ ÆНХÆСТÆЙ ПАЙДАГОНД ЦÆУДЗÆНÆЙ



НÆУÆГ æйййивддзийнæдтæ æрцудæй нæ республики ахуради системи. Аци анз Иристони сувæллæнтти рæвдауæндæнттæ æма астæуккаг скъолати райдайдзæнæй полилингвалон ахурадæ. Уой фæдбæл журналисттæн фегъосун кодта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий ахурадæ æма науки министради национ ахуради хайади æвзаги политики сæргълæууæг **Нæкусати Иринæ.**

Куд радзурдта, утемæй аци гъуддагбæл рагацау бакустонцæ лæмбунæг æма æй ахедгæ мадзал нæ республики маддæлон æвзаг багъæуай кæнуни кусти.

Иристони алли рауæнти нури уæнгæ байгон кодтонцæ полилингвалон ахуради 20 къласи скъолати æма 90 къуари рæвдауæндæнтти.

– Аци нæуæгдзийнадæ хъæбæр берæ нийиергути зæрдæмæ фæццудæй. Ци æй полилингвалон ахурадæ? Райдайæн скъолай 1-аг къласи ахури 75 процентти цæуй маддæлон æвзагбæл, 25 проценти ба уруссаг æма иннæ фæсарæйнаг æвзæгтæбæл. Дуккаг къласи еци процентæ еухузонмæ æйййивд æрцæудзæнæнцæ, гъома, маддæлон æвзагбæл – 50 проценти, иннæ æвзæгти ахурадæ дæр 50 проценти. Цуппæрæймаг æма фæндзæймаг кълæсти ба ахурадæ цæудзæнæй, полилингвалони размæ куд цудæй, уотæ. Нури уæнгæ бæлвурдгонд æрцудæнцæ, нæуæг полилингвалон ахурадæ кæми цæудзæнæй, еци скъолатæ æма рæвдауæндæнттæ. Аци программи нисантæ урух æнцæ. Араздзæнæнцæ фембæлдтитæ ахурадон киунугути авторти хæццæ, æвзурст æрцудæнцæ ахургæнгутæ дæр. Ахургæнгутæ ма сæ зонундзийнæдтæ дæр бæрзонддæр кæнунбæл архайдзæнæнцæ. Æнæмæнгæ, æмбæлдзинан нийиергути хæццæ æма син лæмбунæг дзордзинан, ци æй полилингвалон ахурадæ, ци дæттуй, цæхуæн ахедундзийнадæ ин ес, уони. Алли анз дæр полилингвалон ахуради архайгути нимæдзæ кæндзæнæй фулдæр, косдзинан, цæмæй æ гæнæнтæ æма фадуæттæ дæр урухдæр кæнонцæ, – загъта Нæкусати Иринæ.

Полилингвалон ахуради фарстатæ агъаз æнцæ æвзаги ирæзтæн æма еци ахуради фæрци маддæлон æвзæгтæ багъæуай кæнунæн æма сæбæл кæстæр фæлтæр дзоронцæ – уомæн арæзт цæунцæ.

Нæкусати Иринæ ма радзурдта ахургæнгути конкурсти æма уæлахезти туххæй дæр. Куд загъта, утемæй 17 феврали нæ республики адтæнцæ ахургæнгути дæсниади еугурæрæсеуон конкурстæ: «Афæдзы ахуыргæнæг», «Афæдзы хъомылгæнæг» æма «Педагогон дебют». Архайдтонцæ си нæ республики 100 ахургæнæги. Евгъуд æнзти хæццæ рабаргæй, аци нимæдзæ берæ фулдæр адтæй. Е ба уобæл дзорæг æй, æма нæмæ интеллектуалон æгъдауæй гъæздуг зонундзийнæдтæй хайгин ахургæнгутæ берæ ке ес. Æнцон ихæслæвæрдтæ син нæ адтæй еристи, фал, фиццаг тури дæр исбæрæг æнцæ уæлахездзаути ’хсæн иристойнаг ахургæнгутæ æма идарддæр ахайдтонцæ дуккаг тури. Мартъий кæрони удздзæнæй еугуруæрæсеуон конкурси кæронбæттæн мадзал æма уоми нæ министрадæ уæлахездзаути исхуарзæнхгин кæндзæнæй Кади гæгъæдитæ æма сæйраг призтæй, – дзурдта идарддæр Нæкусати Иринæ.




Дигорæ

Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№558.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 16.03.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти туххæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.**